


La Bib pou ti moun
prézanté



Nonm
dife a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Bagay yo t ap mache mal pou Izrayèl. Wa a ak rèn nan te rayi Bondye. Ala yon move egzanp ! Nan yon ti tan konsa pèp la te kòmanse rayi Bondye tou epi adore fo dye. Èske te gen moun ki te renmen Bondye ?



Wi, te toujou rete kèk fidèl adoratè. Yon jou,
Bondye te pale ak youn nan yo, ki te rele Eli.



Eli te di wa mechan an
Akab : "Letènèl vivan, p
ap gen ni lawouze ni lapli
ane sa a, sof si mwen
di sa." Sa vle di
grangou ! Bondye
pa te ka kite pèp
li a kontinye ap fè
mechanste.





Aprè li te
fin avèti wa
a, Bondye te
voye Eli nan
yon kote
trankil. Nan
kote sa a,

bò yon rivyè, Eli te tann. Bondye te voye kòbo pou
ba li manje. Yo te pote pen ak vyann, nan maten
ak nan aswè. Epi Eli te bwè dlo nan rivyè a.



Aprè yon
ti tan,
rivyè a te
sèch,
paske pa
te genyen
lapli nan



peyi a. Pawòl Bondye a te akonpli. Tout peyi a te
manke dlo. Grenn yo pa te pouse. Pèp la te grangou.
Eli dwe te mande tèt li kisa ki t ap ral rive l
kounye a dlo a te disparèt.





Bondye di Eli : "Leve,
ale Sarepta epi rete la.
Mwen bay yon vèv lòd
pou li ba w manje."
Bondye te konnen
bezwen sèvitè li a. Men,
ala yon mwayen etranj
pou l ede li. Avèk
imilite, Eli te obeyi

Bondye. Lè li te rive
Sarepta, vèv la te nan
pòtay vil la epi li t ap
ranmase bwa pou l
limen dife.




"Tanpri, ale chache yon ti
dlo pou mwen pou m bwè,"
Eli te mande. "Pote yon
moso pen pou mwen."

"Mwen pa gen pen, li
te reponn, mwen
genyen yon ponyen
farin nan yon po ak
yon ti lwil nan
yon
krich."

Byen tris, fanm
nan di pwofèt la
lè pwodui sa yo
fini, li menm ak
pitit gason l lan
pral mouri
grangou.




"Ou pa bezwen pè. Prepare yon ti gato avèk li pou mwen, epi fè youn pou ou menm ak pitit gason w lan," Eli di. "Ou p ap janm manke farin ak lwil jiskaske jou Letènèl ap voye lapli sou tè a rive." Bondye te oblije fè yon mirak pou sa rive. Li te fè sa ! Vèv la ak pitit gason l lan te gen manje pou yo manje ; farin nan ak lwil la pa te janm fini.



Eli te rete avèk yo. Yon jou, yon bagay tris te rive.
Pitit gason vèv la te mouri. Eli te pote kò ti gason an
nan yon chanm. Li rele Letènèl epi li di : "Letènèl,

Bondye mwen, tanpri,
fè nanm timoun sa a
retounen vin
jwenn li !" Ala
yon priyè
enposib !




Letènèl te tande vwa Eli, nanm timoun nan te
retounen vin sou li, epi li te resisite. Lè Eli te pran
timoun nan epi li te bay manman l li, manman l te di :


"Mwen konnen pawòl Bondye ki
nan bouch ou a se verite."



Twa zan apre, Bondye te voye Eli ale kote wa a ankò
epi di li : "M ap voye lapli sou tè a."




Ale kote Akab ? Madanm li Jezabèl te deja asasinen
yon santèn pwofèt Bondye. Men, Eli pa t ezite. Li te
ale kote wa Akab.



Lè de mesye yo te
rankontre, Eli te
mande Akab pou li
rasanble tout Izrayèl
ak 850 fo pwofèt yo.
Nan yon kote yo rele
Mòn Kamèl, Eli te pale
ak pèp la, "Si Letènèl
se Bondye, swiv li !"



Eli te fè prepare de towò bèf kòm sakrifis. Men, yo pa te sèvi ak dife. "Envoke non bondye nou yo, epi m ap envoke non Letènèl," Eli te di. "Epi Bondye ki reponn ak dife a, se li menm ki va Bondye." "Se Byen," pèp la te reponn.



Depi nan maten rive aswè, fo pwofèt yo t ape
envoke fo dye yo. Yo te danse epi yo te koupe kò yo
ak kouto jiskaske yo te senyen. Men, okenn dife pa
te vini.





Lè sa a, Eli te vide
dlo sou bwa a ak
sakrifis la epi li te
priye : "Letènèl,
fè yo konnen jodi
a se ou menm ki
Bondye nan peyi
Izrayèl." Epi dife
Letènèl te tonbe
epi li te boule
ofrann nan, bwa a,
ak menm wòch
lotèl la.



Lè pèp la te wè sa, yo te rele byen fò :
"Se Letènèl ki Bondye !" Eli di yo :
"Mete men sou pwofèt Baal yo, pa kite
pèsonn chape !" Eli te fè sa wa Akab
te fè lontan lontan anvan sa. Li te
touye fo pwofèt yo.




Lè sa a, sèvitè Bondye
a di Akab lapli a t apral
vini. Yon ti nyaj te parèt.
Èske se te lapli a ? Apre
twa zan gwo sechrès ?





Nan yon tikras tan,
syèl la te vin nwa ak
nyaj ak van, epi li te
fè yon gwo lapli.
Bondye te voye lapli
a. Li te montre pèp
la Eli te di yo
laverite. Bondye te
montre se li menm
sèl ki se Bondye
toutbonvre.





Èske w panse wa Akab
te onore Bondye ak
sèvitè li a Eli ? Non !
Alaverite, Jezabèl te
eseye touye Eli, men li
te sove. Finalman,
Akab te mouri nan yon
batay, epi sèvitè li yo
te pouse Jezabèl anba
sou yon mi byen wo
nan palè a. Li te tonbe
atè a l al kraze sou
wòch yo.





Ki sa ki te rive Eli ? Yon
jou, Bondye te voye yon cha
dife ak chwal dife ; epi Eli,
li menm yon nonm dife, yo
te pote l ale nan yon
toubouyon nan syèl la.



Nonm dife a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

1 Wa 17-19; 2 Wa 2


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





24



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

